



ÒTOPEDI NAN CHA

# AVI SOU COVID-19

Chè Pasyan,

Mèsi pou pasyans ou pandan n ap rekòmanse sèvis Ranplasman Jwenti Antye nou yo.

Nan CHA, n ap fè tout sa nou kapab pou pwoteje tout moun kont COVID-19. Tanpri li lèt sa a pou jwenn plis enfòmasyon sou chanjman nou fè yo pou pwoteje ou, lòt pasyan yo, ak pèsònèl nou an. W ap jwenn repons tou pou kesyon yo poze souvan sou swen w yo anvan, pandan, ak apre operasyon w lan.

## Sa n ap fè pou pwoteje w:

1. Tout pasyan dwe fè tès COVID-19 (aplikatè nan nen) anvan operasyon an oswa lè yo admèt yo nan lopital la. N ap ede kowòdone sa pou ou.
  - Si tès ou a pozitif, n ap ranvwaye operasyon w lan.
2. Tout pasyan ki nan lopital la fè tès COVID-19 anvan nou admèt yo. Se pou nou konnen si yo gen COVID. N ap fè atansyon izole tout pasyan ki gen tès pozitif de lòt pasyan yo.
  - Se sèlman pasyan ki pa gen COVID-19 (negatif pou COVID) n ap mete nan menm chanm lopital.
3. N ap bay tout manm pèsònèl ak pasyan ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) apwopriye nan lopital la. Sa gen ladan mask, blouz, gan, ak ekran pou figi. Nou mete bagay sa yo nan sal operasyon an ak nan tout etaj lopital la.
  - W ap gen pou mete mask, sitou lè w ap mache avèk fizyoterapi nan koulwa yo.
  - Pifò moun pase plizyè jou nan lopital la apre operasyon an. Konsa ou kapab kòmanse reyadaptasyon. Ou pral gen enfimyè, fizyoterapis, pwofesyonèl òtopedi, ak travayè sosyal k ap okipe w pandan sejou w la. Yo tout ap mete bon PPE a epi y ap suiv règ sekirite nou yo pandan y ap travay avè w.
4. Gen restriksyon sou lè vizit yo e n ap revize yo pou chak moun.

Poutèt COVID-19, kou sou ranplasman jwenti antye nou an ap fèt vityèlman kounye a. Pwofesyonèl òtopedi w lan kapab enskri w pou kou sa a si w gen yon adrès imèl aktif epi ou ka ale sou entènèt. Si w pa gen imèl, n ap ofri w yon kou sou jwenti antye an pèsonn, endividyèl nan kabinè òtopedi an avèk youn nan oksilyè medikal nou yo.

Nou pa ka tann pou n okipe w pandan operasyon ranplasman jwenti antye w la ak pandan w ap refè. Nou vle pou w santi w alèz ak an sekirite pandan n ap okipe w la. Mèsi pou pasyans ou pandan tan sa a. N ap kontan diskite avè w sou tout sa k ap trakase w oswa sou tout kesyon ou genyen pandan randevou w yo anvan operasyon an oswa pa telefòn nan nimewo ki pi ba a.

Salitasyon sensè,

## Depatman Òtopedi an nan CHA

Telefòn: 617-665-1566

Faks: 617-726-8522